



Fè yo Tande w konsènan CHG

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Kisa CHG ye?

Klorèksidin Glikonat (Chlorhexidine Gluconate, CHG) se yon pwodui netwayaj antiseptik yo itilize nan etablisman swen sante pou diminye risk enfeksyon. CHG pwoteje po a kont yon pakèt kalite bakteri, viris ak chanpiyon.

Kilè nou dwe itilize CHG?

Nou pral itilize CHG chak jou pou byen netwaye po pitit ou a (sou tout kò li) si li gen yon risk ogmante pou enfeksyon. Nou ka itilize CHG chak jou si pitit ou a:

- Gen yon liy venn santral oswa yon koneksyon
- Gen yon katètè
- Sou yon respiratè
- Ap prepare pou yon operasyon oswa yon pwosedi
- Gen yon nouvo kote yo opere

Kijan CHG fonksyone?

Yo ka itilize CHG sou fòm ti sèvyèt mouye oswa likid. Yo aplike CHG sou tout kò pitit ou a pandan beny oswa tretman CHG yo. Antiseptik ki nan CHG a ap rete sou po pitit ou a pou ede touye tout mikwòb ak bakteri pandan plizyè èdtan apre yo fin itilize li. Ekip swen pitit ou a ap di w ki fòm CHG (likid oubyen ti sèvyèt mouye) pou w itilize epi montre w kijan pou w itilize li.

Ki reyaksyon po ki ka rive apre yo fin itilize CHG?

Si pitit ou a ap itilize CHG souvan, li ka gen po sèk, gratèl, oswa woujè. Reyaksyon sa yo *nòmal* men yo ta dwe siveye yo ak anpil atansyon. Reyaksyon alèjik ak CHG yo ra. Si pitit ou a gen anflamasyon, gratèl, oswa difikilte pou respire apre yo fin itilize CHG, di ekip swen pitit ou a menm lè a.

Pale si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan CHG